



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU KOMANTÈ PDG NRA,
WAYNE LAPIERRE**

“Antake papa e antanke moun ki gen zam, mwen panse se ta yon bòn ide pou NRA koute plizyè milyon timoun atravè peyi an k ap mande Prezidan an ak Kongrè GOP an pou mete fen a vyolans ensanse ki fèt akòz zam. Twòp moun deja pèdi lavi yo akòz NRA ak moun tankou Wayne LaPierre ki vle vann plis zam.

Pandan NRA ap mache bay pèp Ameriken an plis manti toujou, New York ak yon kowalisyon plizyè eta deklare Abraram di sètase. Pa pran pèp Ameriken an pou egare. Gen yon fason ki egziste pou pase lwa sou zafè sekirite zam, yon mannyè ki fè sans—nou konn sa, paske nou te fè sa New York. Se pa youn, oswa yon lòt—se toulède li ka ye, e se toulède pou l ye.

Si Wayne LaPierre ap atake ou, ou konnen se paske w ap fè sa ki dwat. Mwen fyè dèske NRA ban m F de mwayèn, e m ap kontinye fè tout sa mwen kapab pou pwoteje moun New York ak pitit nou yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)